U=U

VIH: Pa ka deteke = Pa ka transmèt

Moun k ap viv ak VIH ki pran medikaman antiretwoviral jan li preskri a epi ki rive kenbe yon kantite viris ki pa anpil ase pou yo detekte l, pa ka transmèt VIH bay patnè seksyèl yo.

Li rekòmande pou tout moun k ap viv ak VIH fè tretman ak medikaman antiretwoviral. Medikaman sa a redwi kantite VIH ki gen nan kò a epi redwi chans pou transmèt viris la. Sa vle di ou viv pi lontan e pi an sante.

Pa ka detekte = Pa ka transmèt, oswa U=U, se yon zouti ki bon anpil nan prevansyon VIH. Li defini lavi ak VIH, redwi prejije epi ede moun yo viv yon vi nòmal.

VERITE SOU U=U

- Pa ka detekte vle di yon moun k ap viv ak VIH ki tèlman gen yon ti kras viris nan san li yo pa ka detekte sa nan yon tès laboratwa.
- Rive genyen yon kantite viris ki pa ka detekte se sèlman kòmansman an. Rete pa ka detekte se kle pou ka jwi tout benefis dirab ki genyen nan lasante ak nan fè prevansyon.

SYANS LA

- U=U baze sou etid ki fèt sou plis pase 1,600 koup kote pa te gen transmisyon seksyèl.
- Jiskaprezan, metòd U=U a sèlman pwouve li efikas pou evite transmisyon seksyèl.. Lòt mòd transmisyon, tankou bay tete oswa pran dwòg ak sereng, poko gen etid final ki fèt sou yo.

LÒT ENFÒMASYON SOU PREVANSYON

- Moun ki VIH negatif ka pran pwofilaksi avan Kontak (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) pou evite pran VIH.
- Kapòt toujou enpòtan pou pwoteje kont enfeksyon moun pran nan fè sèks ak gwosès ki pa te planifye.

NOU LA POU OU

FloridaAIDS.org pou jwenn èd ak medikaman, lojman, ak plis toujou.

KnowYourHIVStatus.com pou enfòmasyon sou Tès VIH ak kijan pou w viv an sante.

Florida HIV/AIDS Hotline

- 1-800-FLA-AIDS Anglè
- 1-800-545-SIDA Panyòl
- 1-800-AIDS-101 Kreyòl
- 1-888-503-7118 Pou moun ki gen pwoblèm pou tande/pale

#ScienceNotStigma

* Yon esè klinik ki te gen plis patisipan men ki te etidye lòt faktè tretman tou. Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou syans ki dèyè U=U, al gade nan feyè enfòmasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ki rele "Prèv Tretman VIH ak Sipresyon Viral nan Prevansyon Transmisyon Seksyèl VIH" cdc.gov/hiv/pdf/risk/art/cdc-hiv-art-viral-suppression.pdf.

Florida HEALTH